Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 115 (25844)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 30 июн — хурхæтæны мæйы 30 бон, майрæмбон Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЕ ‘ГЪДÆУТТÆ
Афтид ныхæстæй хъуыддаг нæ рæзы

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 АРФÆ

Нысантæ

Социалон хъахъхъæнынады фарстатæ

Ацы бонты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ амындзинадмæ гæсгæ кусæг балцы ис Мæскуыйы. Республикæйы премьер-министрæн цалдæр ахсджиаг фембæлды нысангонд цæуы федералон министрадтæ æмæ ведомствæты.

Афтæ, Дзанайы-фырт ныридæгæн фембæлд Уæрæсейы фæллой æмæ социалон хъахъхъæнынады министры хæдивæг **Магомед Абдулхалимовимæ.** Ныхасы архайджытæ се ‘ргом аздæхтой Цæгат Ирыстоны социалон къабазы дарддæры райрæзты нысантæм, ахсджиаг инфраструктурон объектты рацарæзтмæ.

Зæгъæм, рæгъмæ рахастæуыд Ацæргæ æмæ сахъат адæмы республикон хæдзар-интернаты арæзтады фарста. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй ацы кусæндон арæзт цæудзæн фыццаградон национ проект "Демографи"-йы дæлпрограммæ "Хистæр фæлтæр"-ы уагæвæрдмæ гæсгæ.

Ацы вазыгджын объекты арæзтады фæдыл организацион мадзæлттæ саразыны нысанимæ РЦИ-Аланийы Хицауад æмæ УФ-йы Фæллойы министрады бафыстой сæрмагонд бадзырд. Пъланмæ гæсгæ, хæдзар-интернаты арæзтад цæудзæн 2024-2026 азты. Дзанайы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæ йæ зæрдæ дары, амынд ахсджиаг объекты арæзтадæн хъæугæ финансон фæрæзты гуырæнтæ бацагурыныл профилон министрад зæрдиагæй кæй бакусдзæн, уыл.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, Цæгат Ирыстоны социалон инфраструктурæйы нывыладæй бирæ аразгæ у республикæйы цæрджыты фæрныгад. Уыцы æууæл зæрдылдаргæйæ, республикæйы разамынд фыццаградон æргом здахы социалон къабазы дарддæры райрæзтмæ. Æмæ уыцы нысаныл мах æнгом æмархайд кæнæм Фæллойы федералон министрадимæ. Зæгъæм, республикæйы Хицауад ныридæгæн Фæллойы министрадмæ цы куырдиæттæ балæвæрдта, уыдоны бындурыл цалдæр ахсджиаг республикон социалон объекты арæзтад æмæ рацарæзт бахæссдзысты нысанмæарæзт федералон инвестицион программæмæ. Уыдоны нымæцы: Хæстон быцæуты ветерантæ æмæ инвалидты бындурон реабилитацийы бирæкъабазджын центры арæзтад, Геронтологийы республикон центры бындурыл реабилитацион хайад байгом кæнын, санаторитæ "Ирыстон" æмæ "Нæзыты къох"-ы рацарæзт æмæ афтæ дарддæр. Ацы æмæ иннæ фарстатæм УФ-йы Фæллой æмæ социалон хъахъхъæнынады министрады бæрнон кусджыты ‘рдыгæй алкæддæр ис лæмбынæг цæстдард, — йæ раныхасы бафиппайдта Дзанайты Барис.

Магомед Абдулхалимов æмæ Дзанайты Барис се ‘ргом аздæхтой республикæйы социалон къабазы рацарæзты æндæр фарстатæм дæр.

СЛАНТЫ Аслан

Хъусынгæнинаг

РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты æвдæм равзæрсты фынддæсæм æмбырд уыдзæн 2023 азы 4 июлы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæаразæн залы (Сæрибары фæз, 1)

Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2023 азы 4 июлы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары фойейы.

Телефонтæ: 53-13-06; 53-33-16.

Къамисы æмбырдæй

Терроризмы ныхмæ – æмбæлгæ мадзæлттæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО скодта Терроризмы ныхмæ къамисы æмбырд. Ныхас баст уыд Сирийæ æрбаздæхæг сывæллæттæ æмæ сæ чи суазæг кодта, уыцы бинонтимæ уæлæмхасæн мадзæлттæй пайда кæнынимæ, бастдзинады объекттæ æмæ республикæйы динты организацитæ терроризмæй бахъахъхъæнынимæ. Уымæй уæлдай ма байхъуыстой, къамис раздæр цы хæстæ сæвæрдта, уыдон бæрнон адæймæгтæ куыд сæххæст кодтой, уымæ дæр.

Хæстон цаутæ кæм цæуынц, уырдыгæй сывæллæтты ласыны, цы бинонтæ сæ суазæг кæнынц, уый фæдыл цы куыст цæуы, ууыл уыд йæ ныхас фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæйæн.** Йæ хатдзæгтæм гæсгæ, æппæт бинонтæ дæр сты цæстдарды, аудынады, ахуырады, социалон лæггæдты, бынæттон хиуынаффæйады æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады оргæнты бæрны. Бинонты хæстæ чи ‘ххæст кæны, уыдон паддзахадон æххуыс исынц федералон æмæ республикон закъонæвæрынадмæ гæсгæ.

Министры ныхасмæ гæсгæ, бинонты хæстæ æххæстгæнджытимæ кусынц Социалон сидзæрады æмæ бинонты хуызты рæзты, æнæ ныййарджытæй баззайæг сывæллæтты ног бинонтимæ бабæттыны центры специалисттæ. Терроризмæй бахизыны тыххæй дзургæйæ, куыд рабæрæг, афтæмæй абон бастдзинады 187 объектæй æдасдзинады паспортты хицау системы 168. Дарддæр иннæ куыстуæттæ бæрæг кæнынц. Информацион инфраструктурæйы вазыгджын куыстуæттæ террорæй бахъахъхъæны тыххæй уæлæмхасæн мадзæлттæ конд æрцæудзысты. Уыцы хæс æвæрд æрцыд Нымæцон рæзты комитетыл, иннæ ведомствæтимæ æмгуыст кæнгæйæ.

Ахæм куыст цæуы дины нысаниуæджы объекттыл дæр. Республикæйы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй 2020-2022 азты дæргъы республикæйы динты организацийы бæрæггæнæнтæ. Разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, 2022 азы бацæттæ кодтой республикæйы регистрацигонд 110 дины организацийы бæрæггæнæнтæ.

Кæронбæттæны Сергей Меняйло бафæдзæхста хицауадæн, районты, хæдзариуæггæнæг субъектты разамындæн, цæмæй Терроризмы ныхмæ къамисы æппæт уынаффæтæ æххæст кæной. Йæ куысты ахæм хъæндзинæдтæ кæмæн рабæрæг, уыдоны ныхмæ хъуамæ спайда кæной æфхæрæн мадзæлттæй.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Фестивал

”Ирыстоны Театралон уалдзæг“ – рухс ныфсы бæрæгбон

Нæ республикæйы цы сфæлдыстадон иугæндтæ ис, уыдонæн се стырдæр у УФ-йы Театралон архайджыты цæдисы регионалон хайад. Знон Национ наукон библиотекæйы æмбырдтæаразæн залы уыд, ацы организацийæ нысангонд фестивал ”Театралон уалдзæг”-ы æмæ Æрыгон театралон архайджыты ‘хсæн алы аз дæр лæвæрд чи цæуы, уыцы преми ”Дебют” райсыныл конкурсы ацы аз чи фæуæлахиз, уыцы лауреаттæн кадгæнæн изæр.

Архайдтой дзы нæ республикæйы æмæ Хуссар Ирыстоны театрты коллективтæ, РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Хъуысцæты Зæлинæ**, УФ-йы Театралон архайджыты цæдисы регионалон хайады сæргълæууæг, УФ-йы сгуыхт артист, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры актер **Гуыбиаты Хъазыбег**, йæ хæдивæг, УФ-йы адæмон артист, Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театры аивадон разамонæг **Владимир Уваров**, Паддзахадон академион ансамбл "Алан"-ы кафджытæ æмæ оркестры музыканттæ, Фæсивæдон театры разамонджытæ æмæ архайджытæ.

Ацы аз фестивал **"Ирыстоны театралон уалдзæг"** æмæ преми **"Дебют"** райсыныл конкурсы хатдзæгтæ цавæр сты, стæй Театралон архайджыты цæдис ацы азы афæдзы æмбис куыд бакуыста, уый тыххæй нын радзырдта йæ бæрнон нымæрдар **Пагæты Фатимæ**:

— Куыд алы аз, афтæ ацы хатт дæр театралон архайджыты ‘хсæн конкурс "Ирыстоны театралон уалдзæг" рауад зæрдæагайгæ. Азæй-азмæ дзы чи фæархайы, уыцы суинаг артисттæ æмæ хихъæппæрисадон драмон къордты архайджытæн се сфæлдыстадон арæхстдзинад, сæ равг кæны хуыздæр. Уымæн æмæ сын бакæсæм сæ спектаклтæм, уый фæстæ та сын бацамонæм цæстуарзонæй сæ аиппытæ. Биноныг сыл кæй бакусынц, уый бæрæг вæййы ног театралон ерысы сæ арæхстдзинады æмвæзадæй. Сæ къух сын фæрог кæнæм, дарддæр сын сæ архайды ахъаз чи фæуыдзæн, ахæм литературон — аивадон æрмæгæй.

Ацы аз нæ фестивалы цы театралон коллективтæ архайдтой, уыдон се ’ппæт дæр, уæлахиздзауты æмæ архайджыты æвдисæндартæй уæлдай, æхсызгон лæвæрæн райстой, æрæджы рауагъдад **"Харизма"**-йы цы **"Ирон драматургийы антологи"** рацыд мыхуыры, уый фыццаг том. Бацæттæ йæ кодтой зындгонд режиссер **Хъæрджыты Изабеллæ**, Театралон архайджыты цæдисы регионалон хайады бæрнон нымæрдар **Пагæты Фатимæ**. Разныхас ын ныффыста РЦИ-Аланийы адæмон артист **Дауыраты Эдуард**. Чиныг бацæттæ кæнынмæ нæм æрмæгæй хорз фæкастысты газет "Рæстдзинад"-ы хистæр уацхæссæг **Саутæты Тамилæ**, РЦИ-Аланийы адæмон артист **Цæриаты Валери**. Фыццаг томмæ бацыдысты 1917 азы размæ фыст национ драматургийы уацмыстæ. Ныридæгæн кусæм дыккаг томыл дæр. Æдæппæтæй уыдзысты цыппар чиныджы.

— **Фестивал "Ирыстоны театралон уалдзæг" æмæ æрыгон артистты аивады конкурс "Дебют"-ы уæлахиздзауты тыххæй та цы зæгъдзынæ?**

— Хуыздæр спектаклы номинацийы фæуæлахиз Мæздæджы адæмон театр. Сывæллæтты архайдимæ хуыздæр театралон равдыст бацæттæ кодта прогимназ **"Эрудит"**. Актерты хуыздæр ансамбл сæ равдысты сбæрæг кодтам ирон инклюзивон театралон къорд "Æргом удтæ" -йы æвæрд спектакл "Банк"-ы руаджы. Фестивалы сæрмагонд зæрдылдаræн лæвар райста Цхинвалы фæндзæм астæуккаг скъолайы ахуырдзауты драмон къорд. Хуссар Ирыстонмæ ма ацы хатт æрхауд фестивалы диплом æмæ зæрдылдаræн лæвар номинаци "Хуыздæр режиссерон куыст"-ы. Райста йæ Цхинвалы ахуырадон уагдон, Хетæгкаты Къостайы номыл гимназ **"Альбион"**. Æдæппæтæй фестивал "Ирыстоны театралон уалдзæг"-ы дипломтæ æмæ зæрдылдаræн лæвæрттæ алы номинациты саккаг кодтам дыууын фараст архайæгæн.

(Кæрон 2 фарсыл)

Парламенты советæй

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн – ноджы фылдæр æххуыс

Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг ТХОСТАТЫ Мурат.

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ Уæрæсейы Федерацийы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

"2023 азмæ, стæй 2024 æмæ 2025 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы 12-æм Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект советы уæнгтæн сæ размæ рахаста республикæйы финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Олег.** Йæ ныхасмæ гæсгæ, федералон бюджетæй цы уæлæмхасæн фæрæзтæ æрвыст æрцыд, донæн, иннæ 100 милуан сомы та æрвыст цæуынц республикæйы Хицауады фæстауæрцы фондмæ.

Дыууæ закъоны проекты фæдыл ма ныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег.**

"Культурæйы тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъоны 33-æм статьямæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект æркæсынмæ бацæттæ кодта республикæйы Хицауад. Депутаттæн æй сæ размæ рахаста Парламенты наукæйы, ахуырады, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева.** Закъоны проектæй бæлвырдгонд цæуынц культурон нысаниуæджы объекттæ хъахъхъæнын æмæ сæм

уыдон се ’ппæт хардзгонд не ’рцыдысты, æмæ сæ ныр схардз кæнын хъæуы, æххæстгæнинаг фыццаградон нысантыл республикæйы Хицауад кæй банымайа, уыдоныл. Уый та домы закъонмæ æмбæлгæ ивддзинæдтæ бахæссын.

Уымæй уæлдай, Исахъты Олег ныхас кодта уæлдæр амынд закъоны проекткæн йæ халдих — "2023 азы, стæй 2024 æмæ 2025 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы уыцы закъоны проекты фæдыл дæр. Куыд загъта, афтæмæй бюджет æхсæнадон байхъуыстытæ ацæуыны фæстæ райста разыдзинад, афтæмæй йæ сæйраг бæрæггæнæнтæ рауадысты ахæм: æфтиæгтæ — 48 миллиарды 180,4 милуан сомы, хæрдзтæ — 48 миллиарды 403,9 милуан сомы. Бюджетыл уæлæмхасæнæй цы бафтыд, хъалонты æмæ æнæхъалонты уыцы æфтиæгтæ — 200 милуан сомы. Уыдонæй 100 милуан сомы иухаттон бафыстыты хуызы лæвæрд æрцæудзысты, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ, чи фæмард, уыцы æфсæддонты бинонтæн, кæнæ дзы чи фесæфт, уыдонæн, иннæ 100 милуан сомы та æрвыст цæуынц республикæйы Хицауады фæстауæрцы фондмæ.

Дыууæ закъоны проекты фæдыл ма ныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег.**

"Культурæйы тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъоны 33-æм статьямæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект æркæсынмæ бацæттæ кодта республикæйы Хицауад. Депутаттæн æй сæ размæ рахаста Парламенты наукæйы, ахуырады, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева.** Закъоны проектæй бæлвырдгонд цæуынц культурон нысаниуæджы объекттæ хъахъхъæнын æмæ сæм адæмы ‘ргом здахыны, библиотекæты куыст, стæй культурæйы къабазы лæггæдтæ нывылдæр кæныны хъуыддаджы регионалон хицауады оргæнты бартæ.

Еленæ Князева ма æркæсынмæ бавдыста "Уæрæсейы Федерацийы ахуырады тыххæй" Федералон закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Федералон закъоны проект. Ныхас дзы цæуы, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн ахуыр кæныны бартæ фæфылдæр кæныныл. Закъон фидаргонд куы ‘рцæуа, уæд æппæт уыцы æфсæддонтæн дæр уыдзæн астæуккаг профессионалон ахуырады программæтæм, стæй бакалавриат æмæ магистратурæйы программæтæм гæсгæ ахуыр кæнынмæ æнæ фæлварæнтæй бацæуыны бар. Уыцы бар сын уыдзæн сæрмагонд æфсæддон операцийæ сыздæхынæй æртæ азы дæргъы.

Закъонæвæрынадон хъæппæристыл ма æмбырды ныхас кодтой Парламенты комитетты сæрдартæ.

Уымæй уæлдай, советы уæнгтæ сфидар кодтой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты фынддæсæм æмбырды боны фæтк.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Дзырды фарн

Ацы рæстæджы та амонджын чи у?

Къоста

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **30 июны,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **17-22 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **17-19 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,18 **Хурыскаст** — 04,24 **Хурныгуылд** — 19,42

Валютæйы аргъ **Доллар** — 87,27 **Евро** — 95,49

12+

Хæрзиуджытæ

Зынгхуыст хæстонтæн

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд, Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыцы хæстонты бинонтимæ.

Æмæ ма дарддæр фæбæрæг кодта, муниципалитетты разамонджытæ æмæ регионы социалон

Республикæйы разамонæг тæфæрфæс ракодта хъæбатырты бинонтæн æмæ сын, Уæрæсейы Федерацийы Президенты бардзырдмæ гæсгæ, йæ æфсæддон хæс æххæстгæнгæйæ хъæбатырдзинад, æхсар æмæ лæгдзинад чи равдыста æмæ чи фæмард, уыдонæн радта Хъæбатырдзинады ордентæ.

— Зонын, ахæм уавæры ныфсы ныхæстæ зын ссарæн у. Сымахæй фæхъуыдысты уæ хиуæттæ. Фæлæ сымах хъуамæ зонат, уæ фырттæ, цардæмбæлттæ, æфсымæртæ — сты æцæг хъæбатыртæ, фæсдуар кæнæ искæй фæстæ чи нæ бамбæхст, ахæмтæ. Уыдон сæ цард радтой нæ бæстæйы сæрибардзинад æмæ нæ кæстæрты рухс фидæны сæраппонд. Уыдон сты нæ сæрыстырдзинад æмæ нын уыдзысты мыггагмæ мысинаг! — загъта Сергей Меняйло.

службæты раз, цы хæстæ лæууы, уыдонмæ гæсгæ, цы æфсæддонтæ фæмард сты, уыдоны бинонтæн хъуамæ алывæрсыг æххуысы мадзæлттæ аразой, алы фарста æмæ хъуыддаджы фæдыл дæр сæ фарсмæ куыд балæууой, уый.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Экологи

Быron – фонтанты

Дзæуджыхъæуы фонтантæм адæм быron кæй калынц, уымæ гæсгæ сæ куыст къуылымпы кæны. Абоны онг цалцæджы ис, Уæлахизы фæзы цы фонтан ис, уый. Муниципалон куыстуат "Спецэкосервис"-ы кусджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй йæ куыстæй ныллæууыд фонтаны змæлынгæнæн агрегат.

— Ærвылбондæр фонтанты къуырфытæй æмбырд кæнæм бырæттæ, фæлæ, уæддæр лыстæг быron хæтæлты аирвæзы æмæ афтæмæй фонтанты мотортæ басудзынц. Курæм æппæт адæмæй дæр, ма 'ппарут уæ пластикон æвгтæ, къафеттæ æмæ сæлдæджы гæххæттытæ горæтаг фонтанты бассейнтæм, — загъта **Тедеты Алан.**

Нæ кусы фонтан Хæлардзинады фæзы дæр. Кусджытæ ацы ран дон баурæдтой æмæ йын йæ къуырф ссыгъдæг кодтой. Хæстæгдæр бонты йæ скусын кæндзысты. Алы райсом дæр куыстуаты кусджытæ зилынц фонтантæм, хъуынайæ сæ ссыгъдæг кæнынц, бакæнынц дзы иннæ санитарон домæнты хъуыддæгтæ дæр.

Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ

Удварн

Бахъахъхъæнæм нæ культурон хæзнатæ

Цæгат Ирыстоны культурон бынтæ æмæ объекттæ хъахъхъæнæн комитет кусы, ныридæгæн Мамысоны цы туристон-рекреацион комплексы арæзтад цæуы, уыцы фæзыл историон æмæ культурон объекттæ бахъахъхъæныны фæдыл сæрмагонд зонæтæ саразыны фарстайыл.

Комитеты сæрдар **Гæлуаты Ацæмæзы** ныхæстæм гæсгæ, фидæны курорты фæзыл ис культурон бынты 50 объекты. Се 'хсæн федералон ахадындзинад кæмæн ис, ахæмтæ — 27, регионалонтæ — 16 æмæ ног бæрæггонд объекттæ — 7. Нæ республикæйы Хицауады ивгъуыд азты уынаффæты

бындурыл фидаргонд уыдысты хъæутæ: Калак, Тиб, Лисри, Згъил æмæ Тлийы 38 объекты хъахъхъæнæн зонæйы.

— Уæвгæ цæмæн хъæуынц, уыцы хъахъхъæнæн зонæтæ? Цæмæй хæхбæсты историон бынæтты нырыккон объектты арæзтæдтæ мауал цæуой. Ацы аз фæнд кæнæм, регионалон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы номхыгъдæй фондз объекты алыварс уал хъахъхъæнæн зонæ саразын. Уыдон сты: Калачы Елуаты мæсыг æмæ "Ныхас", хъæу Къамцыхойы Къамцыхойы-Майрæм, Къамцыхойы Реком æмæ Къамцыхойы-Хъæузæды кувæндæттæ, — загъта Гæлуайы-фырт.

Уымæй уæлдай ма ведомствæ Дзæуджыхъæуы Димитровы уынджы 5-æм хæдзары цæрджытæм барвыста хъусынгæнинаг. Комитеты кусджытæ цæрджытæй домынц санитарон, техникон æмæ зынгсирвæзты ныхмæ фарстатæ æххæст кæнын. Объект, кæддæр, 19 æнусы астæу уыдис бонджын лæг Михаил Горбунцовы цæрæн хæдзар. Ацы ран Къоста 1902-1903 азты иу агъуыст фатеры райста æмæ дзы фæцард иу аз, цалынмæ Ирыхъæуы йæхи хæдзар арæзта, уæдмæ. Поэтæн йæ уавæртæ къуындæг кæй уыдысты, уымæ гæсгæ нывгæнæджы куыстæй амæлттæ кодта. Ацы объект нымад цæуы культурон хæзнайыл æмæ ведомствæйы кусджытæ домынц хæдзары æддаг бакаст æмæ интерьермæ цæмæй ма 'вналой, уый. Бæстыхайы мидæгæй цалцæджы куыстытæ та кæнын бахъуаджы рæстæг.

САУТÆТЫ Тамилæ

Ахуырад

"Рæзты тæлмытæ"

Ацы аз 22 цæгатирыстойнаг скъолайы байгом кæндзысты "Рæзты тæлмытæ"-йы центртæ. Рæхджы амынд скъолатæм хъæугæ ифтонгæрзтæ æрбафтдзысты. Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ.

— "Рæзты тæлмытæ" байгом кæнынмæ кæм хъавæм, ахуыры азы райдайæнмæ дыууæ ахæм ахуыргæнæндоны цалцæггæнæн куыстытæ кæронмæ нæ ахæццæ уыдзысты. Ацы дыууæ скъолайы цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд куы фæуой, уæд дзы "Рæзты тæлмытæ" байгом кæндзыстæм, — загъта министр.

Уымæй уæлдай, сентябры Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы байгом кæндзысты кванториум. Тагъд рæстæг ардæм дæр ифтонгæрзтæ æрбаласдзысты.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Сæдæ баллы

Ацы аз Цæгат Ирыстоны Иумæйаг паддзахадон фæлварæн дæттыны рæстæг скъолатæ кастфæуæвæг 14 адæймаджы райстой фæйнæ 100 баллы.

Ацы хабар фехъусын кодта республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ.

Ведомствæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, фæлварæнты рæстæг 100 баллы райсæг æппæнт скъоладзаутæ ахуыргæнæндæттæ каст фесты майдантимæ.

Ацы аз уырыссаг æвзаг æмæ химийæ фæйнæ 6 адæймаджы, стæй биологи æмæ профилон математикæйæ фæйнæ иу адæймаджы фæлварæнты райстой баллты иууыл бæрзонддæр бæрæггæнæн. Æппæт предметтæй аттестаци раивæн бонты дæр кæй цæудзæн, уый нымайгæйæ, амынд бæрæггæнæнтæ нымад сты рагагъоммæйы бæрæггæнæнтыл. Æдæппæт ацы аз Цæгат Ирыстоны Иумæйаг паддзахадон фæлварæн лæвæрдтой 3145 адæймаджы.

МÆХЪИТЫ Фатимæ

Арæзтад

Уынг фæуæрæхдæр

Дзæуджыхъæуы Сæйраг базары фæзы, Дзанайы-уынджы фæндаджы уадздзаг фæуæрæхдæр кæныны фарстайы уынаффæ рахастой горæты администраци æмæ Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы хайад. Хъуыддаг уый мидæг ис æмæ, ацы уынджы транспорты цыд тæссаг уавæр æвзарын кæны машинæты цыдæн, фæндагон фæткæвæрд дзы кæй нæй, уый тыххæй.

Фæндæгты арæзтады управленийы æмæ фæндагыл цæуыны организацийы хицау **Фидараты Роберт** куыд загъта, афтæмæй фарста банывыл кæнæн ис, Дзанайы, Ростоваг æмæ Рæмоны-фырты уынгты цы газонтæ ис, уыдон райхалыныл бакусыны фæрцы.

— Газоны рацарæзт ныридæгæн райдыдтам. Дарддæр архайдзыстæм фæндагон хæххытæ сбæлвырд кæныныл. Фæндаджы цыд ацы хайы уыдзæн æрмæстдæр иуæрдæм, — загъта Фидараты Роберт.

Дзæуджыхъæуы "СПЕЦЭКОСЕРВИС" -ы та куыд радзырдтой, уымæ гæсгæ газонты цы зынаргъ бæлæсты талатæ сагъд ис, уыдон хæстæгдæр бонты æндæр рæтты ногæй сагъд æрцæудзысты. Кæд æмæ бæлæсты бынат бæлвырдгонд нæма у, уæддæр специалисттæ зæрдæ æвæрынц, талатæ æнæхъæнæй æнæлазæй сæ бынæттæ кæй ссардзысты, уымæй.

Нæ уацхæссæг

Не 'гъдæуттæ

Афтид ныхæстæй хъуыддаг нæ рæзы

Æрæджы Рахизфарсы районы газет "Вестник Беслана"-йы тынг æхсызгонæй цалдæр хатты бакастæн, ХЪАЗИТЫ Васили ирон æгъдæутты тыххæй йæ хъуыдытæ кæм зæгъы, уыцы æрмæг. Йæ алы рæнхъимæ дæр разы дæн, æрмæст мæ дызæрдыджы æфтауы йæ иу хъуыды.

Васили куыд хъуыды кæны, афтæмæй, кæд дыууæ æрыгон адæймаджы сæ цард æмвæндæй баиу кодтой, уæд сын сæ чындзæхсæвы адæмы æхсæн иумæ бадæн цæуылнæ ис? Чи зоны, тынг æхсызгонæй алчидæр цин кæнид сæ амондыл, фæлæ...

Цæмæндæр мæм афтæ кæсы, цыма уыцы æгъдау куы ныффидар кæнæм, уæд уырдыгæй райдайдзæн чындзæн йæ къæйныхдзинад цы бинонтæм æрбакъахдзæф кодта, уыдонмæ, сæ къабæзтæм, стæй йæ къаймæ дæр. Æмæ ацы æгъдауæн æруадзæн нæй.

Нæ рагфыдæлтæ чызджыты хъомыл кодтой уæздан æмæ хиуылхæцгæйæ, сылгоймаджы миниуджытæй æххæстæй. Къæйных ныхасгæнаг, æнæуæздан чызг адæмы астæу уыдис худинаг. Чызгæн йæ алы уæнджы дæр хъуамæ уа æгъдау: æгъдау йæ ацыды, йе 'рбацыды, йе сныхасы, суанг ма йе 'рбадт æмæ йæ сыстады дæр. Йæ алы фезмæлд дæр хъуамæ уа уæздан, æнæ уæлдай мийæ. Æмæ, уымæ гæсгæ тæрсын, уыцы хорз миниуджытæ фæсаууон куы аззайой. Уæвгæ, æнæуи дæр аззадысты...

Хъыгагæн, бирæ чызджытæ (стæй чындзытæ дæр) сæхи дарын кæй нæ зонынц бинонты 'хсæн, уынджы уа, цины, кæнæ зианы хъуыддаджы, уый у нæ иумæйаг сагъæссаг фарста. Æмæ сæ æфсарм æмæ æгъдауыл бафтауын та мах хæс у.

Бирæ рæсугъд æгъдæуттæ уыдис æмæ ис абон дæр ирон адæммæ, фæлæ, Василийы загъдау, æцæгæйдæр, ныхас куы рацæуы ирон æгъдауыл, уæд бирæтæ фылдæр хатт райдайынц ирон бæрæгбæттæ æмæ фынджы æгъдæуттæй. Уыдон дæр ахсджиаг куыд не сты, фæлæ нæ риссагдæр фарста у кæстæрты хидарыны хъомылад, уыдоны раст фæндагыл саразын. Æмæ уыцы фæндаг та, æнæмæнг, райдайы, рагфыдæлтæй абоны онг чи 'рхæццæ, уыцы диссаджы хорз æмæ бирæвæрсыг æгъдауæй. Зæгъæм, цымыдисаг уыд уайсадыны æгъдау, фæлæ ныртæккæ, хъыгагæн, бирæ кæстæртæ зонгæ дæр нæ кæнынц, уайсадын цы у, уый.

Чындз-иу йæ ног бинонтæм куы бацыд, уæд уыдоны 'хсæн нæлгоймагхистæртæм уайсадгæ кодта. Уæвгæ, канд бинонты нæ, фæлæ ма мыггаджы æмæ сыхæгты хистæртæм дæр... Сæ цуры бадгæ дæр не 'ркодтаид, йæ сывæллон йæ къухмæ нæ райстаид. Уыцы æгъдау чындзæн ахъаз уыд йæхи куыд æмбæлы, афтæ дарынæн — уæздanæй æмæ баронæй. Уыимæ, бинонтæ сæхæдæг дæр уайсадæг чындзы æфсæрмæй йæ разы нæ кодтой уæлдай митæ, кæнæ цы не 'мбæлы, ахæм ныхас.

Ацы æгъдау ирон адæммæ ныртæккæ дæр ис, фæлæ ныры хистæртæ чындзы дæргъвæтин рæстæг уайсæдын нал уадзынц, нуазæн æм авæргæйæ йæ уайтагъд сæхимæ сдзурын кæнынц. Уый та, мæнмæ гæсгæ, тынгдæр сæхи æнцойадæн, уымæн, æмæ хицау уайсадæг чындзæн уæлдай æгъдау хъуамæ дæтта æмæ, æвæццæгæн, бирæтæ уымæ сæ ныфс нæ хæссынц, сæ зæрдæ сæхиуыл нæ дарынц.

Мах карæнтæ ма æрæййæфтам æмæ хæцыдыстæм уыцы фæткыл. Уымæ гæсгæ нæ алчидæр йæ бынат æмæ йæ хæстæ зыдта æмæ-иу кæд цыфæнды зындзинæдтæ æвзæрстам, уæддæр бинонты цард уыд фидар, куыд æмбæлы, ахæм уагыл.

Василиимæ разы дæн — нæ бæрæгбæттæ дæр куыд æмбæлы, ахæм æгъдауыл нал кæнæм. Æцæгæйдæр, æлхæнæггаг бæгæны, æртæ фæрсчы æмæ кæрдзынæй Стыр Хуыцаумæ скувæм...

Æрмæджы автор раст фыссы: "Кæд фылдæр хатт æххуырст хистæртимæ...

Зонын æй, бирæуæладзыгон хæдзæртты цæрджытæ сæхи сраст кæныны охыл зæгъдзысты, нæ уавæртæ нæ амонынц, зæгъгæ. Уымæн дæр ис гæнæн — "Ирон хæдзæрттæ" алы кæрты дæр ис. Дæ мыггаджы æмæ сыхæгты хистæрты уыцы ран æрбадын кæн, уыдоны фаг дæхи къæбицы уæливыхтæ скæн æмæ дæ чындзы къухылхæцæг, æмдзуарджын æмæ йе 'мбæлттæй цалдæримæ рестораны размæ фыццаг уыдоны цурмæ бакæн, цæмæй йын бакувой, стæй йæ уæд , йæ уаты йын цы къуымы æмбæлы, уым æрлæууын кæн. Бафæдзæхс æй Бынаты хицауыл — Бынаты хицау æй куыд хъахъхъæна, куыд ыл ауда, йæ ног бынат фæрныг æмæ амонджын куыд уа. Йæ хыз дæр ын дæ хæдзары сис, уый фæстæ, кæд гæнæн нал ис, уæд æй ресторанмæ алас фæсивæдмæ... Уæддæр хъуамæ фыццаг йæ ног бинонты хæдзармæ бакъахдзæф кæна, æнæмæнг, уырдæм æркува...

Стæй ма иу фиппаинаг — чындз уыцы бон хъуамæ ресторанæй афоныл

ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв

дæм ын хуынтæ хастой, хъæлдзæг æй дардтой. Уый фæстæ-иу æй къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын хуынимæ йæ уатмæ бахуыдтой...

Нæ, фæлæ-иу нæ фыдæлтæ хуымæтæджы нæ загътой: "Уаг æмæ æфсарм кæм сты, æгъдау дæр уым ис, æгъдау кæм ис, кад дæр уым ис". Кæнæ: "Ирон лæджы уагахаст — æфсарм æмæ фæткыл баст".

Уæвгæ, уыдæттыл цасфæнды куы фæдзурæм, уæддæр цалынмæ "Иры Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ ацы риссаг фарстатæм се 'ргом зæрдиагдæрæй нæ раздахой, уæдмæ хуыздæр уавæрмæ æнхъæлмæ кæсæн нæй.

Гъеныр, газеткæсджытæй, стæй хъæуты Ныхасты сæрдартæй мемæ разы чи у, стæй чи нæ у, уыдон дæр куыдфæндыйы цæстæй ма кæсæнт ацы риссаг фарстатæм, фæлæ æргом сæ хъуыдытæ зæгъæнт, цæмæй не 'гъдæутты фæтк бынтондæр саст æмæ сæфт ма 'рцæуа.

КЪУБАЛТЫ Зинæ, Беслæныхъæу

Редакцийæ: Зинæ, бузныг дæ фыстæгæй. Дæ хъуыдытæ, дæ сагъæстæ зын бамбарæн не сты, уæлдайдæр хистæр æмæ астæуккаг кары фæлтæрæн. Ацы хабæрттыл Ирыстоны ныхас рагæй цæуы, суанг ма чингуытæ дæр фæзынди, нæ рагфыдæлтæй нæм цы æгъдæуттæ æрцыди, сæдæгай азты дæргъы сын цæрынæн чи æххуыс кодта, фидар бынтондæр сын чи бæззыди, адæм æнгом чи кодта, сæ иудзинад фидардæр кæй фæрцы кодта, историйы алы зын фæлварæнты сын фæхæцæн чи уыд, уыдоны тыххæй. Дуг аивта, рæстæг æндæр у, алыхуызон ивддзинæдтæ æрцыд æмæ цæуы не 'хсæнады, паддзахады. Æмæ, бæгуыдæр, сæ комулæфт бæрæг кæны нæ абоны цардыл. Фыццагау сæ гаччы нал сбаддзысты, æвæццæгæн, нæ рагон æгъдæуттæ. Фæлæ сæ ахадгæдæр, сæ хуыздæртыл фидар хæцын, дарддæр хæццæ кæнын та не 'ппæты хæс у. Уыцы арфæйаг хъуыддагыл не 'ппæт хъарутæй, зондæй æвæллайгæйæ чи архайа, уый хъæппæрис æмæ сгуыхтдзинадæн "Рæстдзинад"-ы фæрстыл кæддæриддæр уыдзæн бынат.

"Ирыстоны Театралон уалдзæг" – рухс ныфсы бæрæгбон

(Райдайæн 1 фарсыл)

Конкурс "Дебют"-ы уæлахиздзау ссис **Цхуырбаты Веранæ**, Уалыты Гивийы æвæрд спектакл "Снежная королева"-йы фыдуаг чызджы сурæт кæй сарæзта, уый тыххæй. "Фыццаг хуыздæр рол"-ы номинацийы банымадтам æрыгон режиссер **Хъæцмæзты Ацæмæзы** æвæрд спектакл "Ацæмæзы сыгъзæрин уадындз", сæйраг сурæттæ сарæзджытæ **Гæбæраты Витали, Æгъуызарты Миланæ** æмæ **Хъараты Максимы**.

— Ацы бæрæгбоны ма УФ-йы Театралон архайджыты цæдисыл цы ног уæнгтæ бафтыд, уыдоны тыххæй та цы зæгъдзынæ?

— Нæ бæстæйы Сфæлдыстадон иугæндтæ бирæ ис. Сæ тыхджындæр æмæ зынгæдæр у Театралон архайджыты цæдис. Йæ разамонæг, УФ-йы адæмон артист **Александр Калягин** нæ хайады куыстæй иттæг разы у. Нæ бæстæйы регионты 'хсæн стæм хуыздæрты рæнхъы. Нæ уæнгтæ дæр сты, канд театралон архайджытæ нæ, фæлæ кафджыты æмæ музыкалон, профессионалон артдзæстыты чи кусы, ахæм артисттæ, хореографтæ æмæ музыканттæ. Сæ алкæй дæр фæнды культурæйы æмæ аивады канд сæ курдиат æмæ сфæлдыстадон арæхстдзинад равдисын нæ, фæлæ ма кæрæдзийæн зонындзинæдтæй æххуыс кæнын. Кæм та цардыуаджы хъуыддæгты. Сæ уды æмæ зæрдæйы цы фæндтæ ис национ культурæйы сомбон фæуынджындзæн кæныны тыххæй, уыдон царды рауадзынмæ сын кæнæм ахадгæ æххуыс.

Нæ республикæйы театрты æмæ аивадон къордтимæ иумæ иудадзыгдæр, куыд Дзæуджыхъæуы, афтæ республикæйы районты аразæм фестивалтæ, фембæлдтытæ, аивадон изæртæ, равдыстытæ æмæ концерттæ. Æххуыс кæнæм адæмон хихъæппæрисадон къордтæн. Йе 'нæниздзинады уавæр зæрдæзæгъгæ кæмæн нæу, уыцы фæсивæдæн сæ курдиатты рæзтмæ нæ цæдисы разамынд æмæ уæнгтæ здахынц уæлдай стырдæр æргом. Нæ иугонды уæнгтæ, театралон æмæ сценæйы аивады æндæр хуызты ветерантæн æмæ архайджытæн, алыхуызон социалон программæтæм гæсгæ кæнæм алывæрсыг материалон æмæ профессионалон æххуыс. Не 'хсæн чи нал ис, аивады æмæ культурæйы уыцы кусджыты, зындгонд актерты, кафджыты, зарæггæнджыты дæр нæ рох кæнæм. Гæнæн æмæ фадат куыд амонынц, уымæ гæсгæ, сæ бинонтæм фæкæсæм кæм материалон æгъдауæй, кæм сæ номарынæн изæр, фембæлд, йе та телеуынынады равдыст, газетты, республикон радиойы æрмæг бацæттæ кæнæм.

— Театралон архайджыты цæдисы республикон хайады архайд цæмæй ахадгæдæр уа, уымæн уын чи æххуыс кæны?

— Иттæг разыйæ баззадыстæм нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæ**. Йæ раныхæстæй иуы фæсивæды хъомыладыл дзургæйæ, йæ фидар фæндон кæй загъта, цæмæй нæ республикæйы æппæт астæуккаг скъолаты арæзт æрцæуа драмон къордтæ. Уый, æнæмæнг, хъæугæ хъуыддаг у. Стыр æххуыс сты кæстæрты мадæлон æвзаг, культурæ, аив дзырды, музыкæйы хæзнатæ хуыздæр зонынæн. Ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытыл фæсивæды удварны рæзты цы хæстæ æвæрд ис, уыдон зынгæ, æнцондæр æххæстгæнгæ уыдзысты ахæм къордты руаджы. Иннæмæй та сæ фыдуаг æмæ æнæуаг митæм не 'вдæлдзæн. Сæ нывыл архайдæн та нæ бон цæмæй уа, уымæй алывæрсыг æххуыс кæндзыстæм. Тынг æхсызгонæй æмæ разæнгардæй национ культурæйы рæзтыл архайæм Национ культурон æхсæнæдтимæ, Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы районты библиотекæтимæ. Сфæлдыстадон иннæ цæдистæ æмæ иугæндтимæ, ветеранты æмæ фæсивæды змæлды разамынд æмæ уæнгтимæ, культурæйы æмæ аивады галуанты æмæ хæдзæртты аивадон коллективтимæ. Тæбæхсæуты Балойы номыл Театралон аивады музей æмæ Адæмон сфæлдыстады хæдзары сфæлдыстадон æмæ зонадон кусджытимæ. Министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытимæ. Се 'ппæтæн дæр аивадыл сæ иузæрдиондзинады тыххæй бузныг зæгъын.

— Æрæджы бындурон цалцæггондæй байгом номдзыд режиссер æмæ нæ бæстæйы театралон аивады реформатор Евгений Вахтанговы хæдзар. Йæ фæзынд æмæ арæзт куыд сахаддзæн Цæдисы æмæ национ театралон аивады иумæйаг рæзтыл?

— Тынг æхсызгон нын у, Евгений Вахтанговы хæдзар кæй байгом, уый. Сæ архайджытæ сты нæ бæстæйы театралон аивады зындгонд дæснытæ, нывгæнджытæ. Нæ бæстæйы Театралон архайджыты цæдисы сæргълæууæг Александр Калягин æрæджы Дзæуджыхъæуы куы уыд, уæд бабæрæг кодта ацы Хæдзар. Йæ зæрдæ барухс йæ рухсадон архайдæй. Алы фадат æмæ дзы уавæртæ ис актерты, режиссерты, аивадуарзджыты алы фæлтæрты профессионалон æмæ удварнон рæзтæн. Æз нæ Цæдисы номæй сæрмагондæй бузныг зæгъын Мæскуыйы Евгений Вахтанговы номыл академион театры аивадон разамонæг **Кирилл Крокæн**, ахæм артдзæст, канд нæ республикæйы цæрджытæн нæ, фæлæ нæ бæстæйы аивадуарзджыты æхсызгондзинадæн кæй байгом кодта, уый тыххæй.

— Фидæны та уæм цавæр фæндтæ ис?

— Алыхуызон цымыдисаг проекттæ нæм чысыл нæй. Се 'ххæст кæнынæн нын хъæуы æрмæстдæр рæстæг æмæ фадæттæ. Сæ аразыныл та архайдзыстæм, нырмæ куыд уыд, афтæ.

Æрмæг бацæттæ кодта ГАСАНТЫ Валери, къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

3 Понедельник

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Магомаев" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.40, 01.20, 02.00, 02.40, 03.05, 03.20, 04.00 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Х/ф "София" 16+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Все как у людей. Продолжение" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Рая знает все!" 12+
03.55 Т/с "Семейный детектив" 16+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
05.00 Т/с "Береговая охрана" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Лесник" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с "Скорая помощь" 16+
16.45 Т/с "Зимородок" 16+
20.00 Т/с "Пазл" 16+
22.10, 00.00 Т/с "Медиатор" 16+
00.30 Основано на реальных событиях 16+
01.35 Т/с "Гончие" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.45, 06.25, 07.15, 08.10, 09.30, 09.35, 10.25, 11.25, 12.20, 13.30 Т/с "Условный мент-4" 16+
13.45, 14.40, 15.35, 16.30 Т/с "Пасечник" 16+
18.00, 18.50, 19.40, 20.35, 21.20, 00.30, 01.20, 02.00, 02.40 Т/с "След" 16+
22.20, 23.10 Т/с "Свои-2" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.20, 04.10 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.30, 10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Катастрофы Древнего мира". "Исчезнувший город Гелика" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.45 Цвет времени 16+
08.55 Х/ф "По секрету всему свету" 12+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15 Х/ф "Называй это убийством" 16+
12.45 Земля людей. "Тубалары. Деревня шаманов" 16+
13.15 Д/ф "Восточный экспресс. Поезд, изменивший историю" 16+
14.15 Х/ф "Переходим к любви" 16+
16.30 Д/ф "Влюбленные в Россию" 16+
17.15, 01.20 Мастера исполнительского искусства. Марта Аргерих 16+
18.20, 02.25 Д/ф "Запечатленное время". "Когда наступает вечер" 16+
18.45 Д/ф "Я шагаю по Москве". Летний дождь и его последствия" 16+
19.45 Письма из провинции 16+
20.15 Искусственный отбор 16+
20.55 Спокойной ночи, малыши!
21.10 Д/ф "Сцены из жизни". "Начало" 16+
21.40 Спектакль "Женитьба" 16+
00.15 Т/с "Спрут" 16+

МАТЧ-ТВ
06.00, 14.20 Спортивный интерес 12+
06.30 Магия большого спорта 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50, 18.25, 22.30 Новости
07.05, 20.30, 22.35 Все на Матч! 12+
10.05 "Кубок PARI Премьер". Специальный репортаж 12+
10.25, 01.10 Спортивный век 12+
11.25 Karate Combat 2023 г. Трансляция из США 16+
12.35, 05.15 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! 12+
14.55 География спорта. Москва 12+
15.25 Х/ф "В погоне за ветром" 12+
17.25 Громко 12+
18.30 Дартс. Профессиональная лига. Про Тур 4. Прямая трансляция из Москвы
21.00 Бильярд. "BetBoom Кубок Чемпионов". Прямая трансляция из Москвы
23.20 Бокс. Bare Knuckle FC. Рико Франко против Калеба Харриса. Трансляция из Великобритании 16+
00.10 Вы это видели 12+
02.10 Территория спорта 12+
02.40 Новости 0+
02.45 Пляжный футбол. OLIMPBET Чемпионат России. "Кристалл" (Санкт-Петербург)-"Локомотив" (Москва) 0+
04.00 Пляжный футбол. OLIMPBET Чемпионат России. "Краснодар-ЮМР"-"Саратов" 0+
05.35 Здоровый образ. Хоккей 12+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10, 17.00 Фактор БЕZ опасности 16+
08.45 Т/с "Отель "Толедо" 12+
10.40, 04.40 Д/ф "Ростислав Плятт. Интеллигентный хулиган" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф "Московские тайны. Гостья из прошлого" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 03.15 Т/с "Смерть в объективе" 12+
17.35, 00.30 Петровка, 38 16+
18.10 Т/с "Обратный отсчет" 16+
22.40 Специальный репортаж 16+
23.10 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.45 Д/ф "Тайная комната. Герман Геринг" 16+
01.25 Д/ф "Звезды из трущоб" 16+
02.05 Д/ф "Джек и Джеки. Проклятье Кеннеди" 12+
02.45 Осторожно, мошенники! 16+

ДОМАШНИЙ
06.30 6 кадров 16+
06.35, 05.05 По делам несовершеннолетних 16+
08.30 Давай разведемся! 16+
09.35, 03.25 Тест на отцовство 16+
11.45, 23.05 Д/с "Понять. Простить" 16+
13.00, 00.15 Д/с "Порча" 16+
13.30, 00.40 Д/с "Знахарка" 16+
14.00, 01.05 Д/с "Верну любимого" 16+
14.35, 01.35 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
15.10 Х/ф "Горная болезнь" 16+
19.00 Т/с "О чем она молчит" 16+
02.00 Х/ф "Любовь как мотив" 16+

РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.10 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Призрачный гонщик" 16+
22.05 Водить по-русски 16+
23.30 Документальный спецпроект 16+
00.30 Х/ф "Заложница" 16+

СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Простоквашино" 0+
07.15 М/ф "Ну, погоди! Каникулы" 6+
08.05 Взрослым не понять 12+
09.05 М/ф "Белка и Стрелка. Карибская тайна" 6+
10.45 Х/ф "Лемони Сникет. 33 несчастья" 12+
12.50 Х/ф "Зип и Зап на острове капитана" 6+
14.55 Х/ф "Монстр-траки" 6+
17.00 Шоу Уральских пельменей 16+
20.05 Х/ф "Все могу" 16+
22.00 Х/ф "Бамблби" 12+
00.15 Х/ф "Робот по имени Чаппи" 18+
02.25 Т/с "Выжить после" 16+
04.00 6 кадров 16+
05.10 Мультфильмы 6+

ТНТ
07.00, 08.00 Однажды в России. Спецдайджесты 2023 16+
09.00 Выжить в Дубае 16+
11.00 Х/ф "Три тысячи лет желаний" 16+
13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30 Т/с "СашаТаня" 16+
20.00, 20.30 Т/с "Тайна пропавшей деревни" 16+
21.00, 21.30 Т/с "Почка" 16+
22.00 Х/ф "Отчаянные дольщики" 16+
23.55 Х/ф "Честный развод" 16+
01.40, 02.30 Импровизация. Команды 18+
03.20, 04.05 Шоу "Студия Союз" 16+
04.55, 05.40, 06.30 Импровизация 16+

4 Вторник

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Магомаев" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.40, 01.20, 02.00, 02.40, 03.05, 03.20, 04.00 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Х/ф "София" 16+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Все как у людей. Продолжение" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Рая знает все!" 12+
03.55 Т/с "Семейный детектив" 16+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
04.55 Т/с "Береговая охрана" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Лесник" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с "Скорая помощь" 16+
16.45 Т/с "Зимородок" 16+
20.00 Т/с "Пазл" 16+
22.10, 00.00 Т/с "Медиатор" 16+
00.30 Основано на реальных событиях 16+
01.25 Т/с "Гончие" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.05, 13.45, 14.40, 15.35, 16.30 Т/с "Пасечник" 16+
06.50, 07.45, 08.45, 09.30, 10.15, 11.15, 12.20, 13.30 Т/с "Один" 16+
18.00, 18.50, 19.40, 20.35, 21.20, 00.30, 01.20, 02.00, 02.40 Т/с "След" 16+
22.20, 23.10 Т/с "Свои-2" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.15, 04.10 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.30, 10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Фабрика времени" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.45 Х/ф "Выше Радуги" 0+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 00.00 Цвет времени 16+
11.25, 00.15 Т/с "Спрут" 16+
12.45 Земля людей. "Эвены. Хранители оленьего царства" 16+
13.15 Д/ф "Катастрофы Древнего мира". "Исчезнувший город Гелика" 16+
14.10 Х/ф "Перед самим собой" 16+
16.30 Д/ф "Влюбленные в Россию" 16+
17.15, 01.20 Мастера исполнительского искусства. Пааво Ярви 16+
18.20, 02.25 Д/ф "Запечатленное время". "Москва. Хроники реконструкции" 16+
18.45 Д/ф "Любовь и голуби". Что характерно! Любили друг друга!" 16+
19.45 Письма из провинции 16+
20.15 Искусственный отбор 16+
20.55 Спокойной ночи, малыши!
21.10 Д/ф "Сцены из жизни". "Театр" 16+
21.40 Спектакль "Укрощение строптивой" 16+

МАТЧ-ТВ
06.00, 14.20 Спортивный интерес 12+
06.30 Магия большого спорта 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50, 18.10, 22.30 Новости
07.05, 16.10, 21.40 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35, 05.15 Специальный репортаж 12+
10.25, 01.10 Спортивный век 12+
11.25 Karate Combat 2023 г. Трансляция из США 16+
13.00 Есть тема! 12+
14.55, 16.25 Пляжный футбол. OLIMPBET Чемпионат России. Женщины. Прямая трансляция
17.40 Что по спорту? Санкт-Петербург 12+
18.15 Все на Кубок PARI Премьер! Прямой эфир
19.00 Футбол. Кубок PARI Премьер. "Црвена Звезда" (Сербия)-"Зенит" (Россия). Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
22.35 Смешанные единоборства. UFC. Шон Стрикланд против Абусупьяна Магомедова. Трансляция из США 16+
00.10 Вы это видели 12+
02.10 Территория спорта 12+
02.40 Новости 0+
02.45, 04.00 Пляжный футбол. OLIMPBET Чемпионат России. Женщины 0+
05.35 Здоровый образ. Регби 12+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10, 17.00 Фактор БЕZ опасности 16+
08.40 Т/с "Отель "Толедо" 12+
10.35, 04.40 Д/ф "Валентина Титова. В тени великих мужчин" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф "Московские тайны. Семь сестер" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 03.10 Т/с "Смерть в объективе" 12+
17.35, 00.30 Петровка, 38 16+
18.10 Т/с "Обратный отсчет" 16+
22.40 Закон и порядок 16+
23.10 Д/ф "Николай Щелоков. Тайны жизни и смерти" 16+
00.00 События. 25-й час
00.45 Д/ф "Обжалованию не подлежит. Фотограф" 16+
01.25 Прощание 16+
02.05 Д/ф "Брежнев. Охотничья дипломатия" 12+
02.45 Осторожно, мошенники! 16+

ДОМАШНИЙ
06.30, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
08.20, 04.35 Давай разведемся! 16+
09.20, 02.55 Тест на отцовство 16+
11.35, 22.35 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.50, 23.40 Д/с "Порча" 16+
13.20, 00.10 Д/с "Знахарка" 16+
13.50, 00.35 Д/с "Верну любимого" 16+
14.25, 01.00 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
15.00 Х/ф "Сашино дело" 16+
19.00 Х/ф "Нелюбовь" 16+

РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.10 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Судья Дредд 3D" 16+
22.00 Водить по-русски 16+
